

**PANGAJARAN NULIS TEKS LAPORAN HASIL OBSERVASI KU  
NGAGUNAKEUN MEDIA LINGKUNGAN DI KELAS X SMK PASUNDAN  
PADAHERANG TAUN PANGAJARAN 2017/2018**

ku:  
Wahyudin Setiawan  
NIM 135030011

**RINGKESAN**

*Panalungtikan anu dijudulan “Pangajaran Nulis Teks Laporan Hasil Observasi ku Ngagunakeun Media Lingkungan di Kelas X SMK Pasundan Padaherang” ieu miboga panuju pikeun nangtukeun efektif atawa henteu media lingkungan dipake dina pangajaran nulis téks laporan hasil observasi anu dumasar kana eusi jeung kabahasaan. Rumusan masalah nu diajengkeun ku panulis nyaeta: (1) Sanggup atanapi henteu panulis ngalaksanakeun pangajaran nulis teks laporan observasi ku ngagunakeun media lingkungan di kelas X SMK Pasundan Padahérang? (2) Bisa atanapi henteu siswa kelas X SMK Pasundan Padahérang nulis teks laporan hasil observasi kalayan tegep jeung bener? (3) Efektif atawa henteu média lingkungan dipaké dina pangajaran nulis téks laporan observasi?. Panalungtikan ieu ngagunakeun metode eksperimen semu, nyaeta panalungtikan anu sakadar make hiji kelompok conto jeung teu make deui kelompok sejen pikeun ngabandingkeun. Pretes jeung postes digunakeun pikeun ngukur kamampuhan murid saacan jeung saanggeus ngalakukeun diajar nulis teks laporan hasil observasi. Hasil panalungtikan pangajaran nulis téks laporan hasil observasi ku ngagunakeun media lingkungan di kelas X SMK Pasundan Padahérang nyaéta sapertos kieu. (1) Panulis mampuh ngarencanakeun sarta ngalaksanakeun ngajar nulis téks laporan hasil observasi ngagunakeun media lingkungan di kelas X SMK Pasundan Padahérang. Ieu dibuktikeun tina ajén rencana jeung palaksanaan ngajar anu gedena 3,9 nu kaasup kategori pohara alus. (2) Murid kelas X SMK Pasundan Padahérang bisa nulis teks laporan observasi ku ngagunakeun media lingkungan. Ieu bisa dibuktikeun tina rata ajén pretés nyaéta 31 sarta ajén rata postés 86,95 anu hartosna aya paningkatan saageung 55,95 atawa sarua jeung 26,6%. (3) Media lingkungan luyu keur dipake dina pangajaran nulis téks laporan hasil observasi di kelas X SMK Pasundan Padahérang. Ieu dibuktikeun tina hasil itungan statistik mibanda hasil  $t_{hitung} < t_{tabel}$  nyaéta 4,31 > 2,04 tingkat signifikansi 0,5% Dina taraf kapercayaan 95% dina tingkat kabebasan 21. Dumasar fakta di luhur, panulis nyieun kacindekan yen sakabéh hipotesa nu dirumuskeun panulis dina ulikan ieu bisa ditarima.*

*Konci: Pembelajaran, nulis, teks laporan hasil observasi, lingkungan, pasundan.*